ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ГАЗЕТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№6 (21.664) ● 2010 гъэм щIышылэм (январым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ЦIыхухэр жэщым ямыгъэпIейтеин папщIэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и мыгъэрей ящэ зэIуцIэр иригъэкIуэкIащ республикам законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Унафэщ Чеченов Ануар.

АБЫ и пэщIэдзэм депутатхэм яубыхуащ республикэм и Парламентым и зи чэзу сессиер щызэхуагъэсынур. Ар щIышылэм и 29-м екIуэкIынущ. Депутатхэр зыхэпльэну Iуэхуэр тIощIым ноблагъэ. Абыхэм яхэтщ республикэм и законхэм я проекту ящэ, егIуанэ кьеджагъуэу пхыгъэкIыпхъэхэр, федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр.

Законодательствэмрэ къэрал хуэхэIэмкIэ комитетым Президиумым и зэIущIэм къыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал гражданкъулыкъум и Iуэхукlэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iуэхукlэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектхэр. Комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** зэрыжIамкIэ, ящэ законопроектыр ягъэхьэзыращ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум и Iуэхукlэ» КЪБР-м и Законым и Iуэхугъуэ цIхьэхэхэр «Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъум и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым и 11 статьям щIэуэ халъхьахэм ирагъэзэгъыжын мурадкIэ. Законопроектым еубзыху КЪБР-м и къэрал къулыкъущIэхэм ЗкБР-м и къэрал къулыкъум класскIэ и цIэхэр зэрырат хабзэр. ЕтIуанэ законопроектыр ягъэхьэзыращ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува къаланэхэр закон лъабжьэхькIэ щIэгъэбыдэн мурадкIэ. Законопроектым къыщигъэлъэгъуащ фракцIэ псоми я лIыкIуэхэр КъБР-м и Парламентым и унафэщIхэмрэ Парламентым зэпымыууэ щылажьэ депутатхэмрэ хэтныкIэ, Парламентым хэмыхьа партхэм къыхалъхьэхэм Парламентым и зэIущIэхэм зэпымыууэ щыхэпльэныкIэ щэсыпIэхэр. Мы законопроектым депутатхэр, зыхуэфащэ органхэмрэ организацэхэмрэ елэжьжа нэужь, Парламентым и гъатхэ сессием щыхэпльэнущ.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ федеральнэ законитIым я проектхэм. Ахэр Парламентым зыхуэфащэ и комитетхэм ягъэхьэзыращ. ПроектымкIэ Парламентым и унафэщI **Мэремыкъуэ Сэфарбий** тепсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щыIэ автомобиль гъэзагъэмрэ я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектхэр. Комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** зэрыжIамкIэ, ящэ законопроектыр зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законым и проектым. Абы еубзыху автомобиль гъэзагъэр къэгъэсэбэпынымрэ гъэзагу лэжьыгъэ егъэкIуэкIынымкIэ къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм яIэ полномочиехэр.

БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Ахъуэхъуэ Къанцобий** зэIущIэм зэрыжIамкIэ, «Урысей Федерацэм и Налог кодексым и 218 статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектыр теухуащ налогхэм я къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм яIэ полномочиехэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр и Парламентым и Президиумым и мыгъэрей ящэ зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикам законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Унафэщ **Чеченов Ануар** и жэрдэмкIэ депутатхэр хэпльащ жэщым цIыхухэм тэмэму загъэпсэхуныр, абыхэм зэран яхуэхъуэн Iэуэльауэ щымыIэныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа законопроектым. Мы документым елэжьыну кьалэн щащIащ зыныгъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ комитетым. Зыхуэфащэ лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIа нэужь, ищхьэкIэ къыщыгъэльэгъуа законопроектхэр республикэм и Парламентым и зэIущIэм къыщылахъхьанущ.

КъаIэрыхьа материалхэм хэпльэри, Президиумым хэтхэм унафэ хащатащ Май районым и прокурор Джатэгъэжь Асльэнбий Владимир и къуэм КЪБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхыльыр етыным теухуауэ.

Парламентым и Президиумым гъатхэ сессием хидыдэу иригъэкIуэкIа зэIущIэм и кIэуэм Чеченов Ануар депутатхэм ягу кIиутIэкIыжащ мы гъэм КЪБР-м и Парламентыр Урысей Ипщэ Парламент Ассоциацэм и тхьэмадэу зэрыщытынур. Парламент Ассоциацэм и зэIущIэхэр 2010 гъэм бадзэуэгъуэмрэ щэкIуэгъуэмрэ Налшык щыригъэкIуэкIынущ. Республикэм и Парламентым и къаркIэ мэлыжьыхь мазэм ди дех къыщыдзэригъэпэщынущ Урысейм Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и зэIущIэ. Чеченов Ануар апхуэдэу депутатхэр щыгъуазэ ищIащ Налшык щыхэм тхэкIономкIэ зэхъуэхъуэ екIуу зэрыщригъэжькIэкIам папщIэ фIыщIэ тхылъ Корее Ипщэм и президентым къыбгъэдэкIыу къаазэрыIэрыхьам. А къэралымрэ КъБР-мрэ яку дэлъ зэныбжьэмэгугъэ, спорт лэжьыгъэр псынщIэу зэтоувэ. Корее Ипщэм щыщ хьэрычэт лэжьакIэ зыбжанэм я мурадщ ди дежь кьакIуэу республикэм щыIэ щытыкIэм щыгъуазэ защIыну.

ЗэIущIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академикым Къанокъуэ Арсен фIыщIэ къыхуещI

Бжьыхьэ кIуам Iущъхьэмахуэ районым зыубгъуауэ щагъэлъэпIащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Энеев Тимур и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуар. Ди хэкуэгъу цIэрыIуэм, космонавтикэм и лъабжьэр убзыхуным куэд хэзыщIыхьа урысей щIэныгъэлI гъуэзэджэм и юбиледжмкIэ екIуэхъуэуауэ щытащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

Абы и жэуапу Энеев Тимур республикэм и Iэтащхьэм фIыщIэ къыхуищIащ. «ИкъукIэ си гуапэ хьуащ си юбилейм ирихьэлIэу укъызэрызэхъуэхуар. Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм насып,efIэкIуэныгъэ, фIыгъуэ яIэну сохьуэхьу», - итщ Къанокъуэ Арсен и цIэкIэ къэкIуа телеграммэм. Москва къикIа апхуэдэ телеграммэ къыIэрыхьащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануари.

Космонавтикэм пыща щIэныгъэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам папщIэ Энеев Тимур Магомед и къуэм 1957 гъэм Ленин саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. Ракетхэмрэ космосым ягъакIуэ аппаратхэмрэ зэраунэтI щыкIэм теухуа лэжьыгъэхэм папщIэ абы Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Цандер Ф.А. и фэеплъу къыщигъэкI Дыщэ медалыр, Ленин орденыр, ГуащIэдзкI Бэракъ Плъыжь, Щыхь орденхэр, Октябрь Революцэ орденыр къратащ. Энеев Тимур и цIэр фIащащ Дыгъэм и системэм зиубыдэ планетэ цIыкIуэм ящыщ щыи.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм я деж

Ди лэжьэгъу, ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и цIкIэ сынывохьуэхьу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зэIущIэр зэрегъэкIуэкIынкIэ. Фи республикэм, Урысейм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкIыным хуэунэтIа лэжьыгъэм фехъуIэну си гуапэщ.

Фи Жылагъуэ палатэр хуэвъ къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм я лэжьыгъэм кIэлыпIэ системэ тэмэм къызэгъэпэщыным, коммерцэм пымыщIа IэнатIэхэм я Iуэху зехьэкIэр щIэгъэхуэбжьэным, зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным, Урысейр нэхъ быдэу зэхъуэгъэувэным хуэуэнатIауэ социальнэ къару зэмылIэужьыгъуэхэр зэпсэлъэным нэрылъагъуу хэлIыфыхь граждан зэгуэхъэныгъэу Урысей Федерацэм и субъект зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэм я сатырым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытныгъэмрэ гъэбыдэным, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ зегъэужьынымкIэ властым и органхэм защIэгъэкъуэным, граждан Iуэхущ1апIэхэр дэIыгъынымы. Фи Жылагъуэ палатэм хагъэхьаным республикэм щIэ щыIэ цIыхухэр блэкIа зэман хьэлъэм и гъэунэхунымкIи къикIа е куэд мыщIауэ къыхэгъэгъэпэща профсоюз, щIалэгъуалэ организацэхэм, цIыхум и хуитныгъэхэм къыщIэхъущынымкIэ зэгуэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. ИпэжьыпэкIэ цIыхубзым я лIыкIуэхэр зэрыгъэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэр жьджэру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр, абы и граждан жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэрефIэкIуэну! Фэрэ фи Iыхьлъыхэмрэ фефIэкIуэну!

ВЕЛИХОВ Евгений,
Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и Секретарь, Урысей ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и академик.

Иджырейхэмкlэ зэрахъуэкI

Налшык къалэм и уарам зэхэхIыпIэ нэхъыщхьэхэм иджырей светофорхэр щыфIадзэ. А лэжьыгъэр псом ягъэ щрагъэкIуэкI сабий Iуэхущ1апIэхэр нэхъ зыпэгъунэгъу щIыпIэхэм.

КъАЛЭМкоммуналнэ хозяйствэмрэ зэIуэзэнэщ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Былымгъуэт Юрий къызэрыджиIамкIэ, мы Iуэхуэр зэгъэщIылIар КъБР-м щыIэ МВД-м и монтаж Iуэхущ1апIэ хэхарщ. Урысей псом щIэупщIэшхуэ щызыIэ апхуэдэ светофорхэр къыщIегъэкI Налшык дэт «Теплосетьмонтаж» заводым. Гъуэгуэхэм къыщагъэсэбэп иджырей Iэмэпсымэу а предприятэм ищIхэр щагъэлъэгъуащ «Интердортранссигнал», «XXI лЭщIыгъуэм и технологие лъагэхэр» дунейпсо выставкэхэм. Ди светофорхэр «Урысейм и щIыпIэм нэхъыбэу IуIэн» программэм и лауреатхэм ящыщ хъуащ.

ЧЫП Марианнэ.



Бэлагъы Любэ и доктор диссертациэр Москва щыпхигъэзэI.

Ди зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэ

Кавказ зауэм и ужькIэ адыгэхэм я нэхъыбапIэр (мелуанэм щIигъу) хамэ къэралхэм зэрыпхъуэм хэтщ щыгъуазэщ. Нобэ Тыркум, Сирием, Иорданием, нэгъуэщI къэралхэм щопсэу адыгэ мелуаниблым щIигъу. Я хэкур ябгынэн хуеи хьуами, хамэ щIыналъхэмрэ псэуцIэ зыхуэхъуэ я лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэр, я бзэр яхьумэн яхуэзфIэкIащ, абыхэм къаухэкIащ (лIыщхьэ, дзэпщ, дипломат, тхакIуэ, усакIуэ щIэрыIуэ куэд.

ТЫРКУ литературэр лъэбакъуэщIэ трагъэувауэ ялытэ Хьэтхуэ Сейфеддин, Хьэгъур Ахьмэд, Къалэдзох Хьалидэ сымэ. Хьэрыл литературэхэр ягъэбжьыфIэ адыгэ тхакIуэ куэдым - Наурзокъуэ Мыхьмэд, Шэукъан Ахьмэд, Рущин Расым, Теймур Мыхьмэд, ас-Сибан Юсеф, аль-Хьамиси Абдурэхьман сымэ, нэгъуэщIхэм. Зыхэс лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ тхэми, абыхэм я къаланэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм лъабжьэ яхуэхъуар я лъэпкъгъуэхэм я тхыдэмрэ я гущIэмрэщ.

Апхуэдэ тхыгъэщ, псалъэм папщIэ, Хьэгъур Ахьмэд и «Кавказ» романыр, Хьэткъуэ Сейфеддин и хьыбарэхэр. Иорданием щыпсэу Кьандур Мухьэдин и романхэр («Кавказ», «Шэрджэсхэр», «Революцэ», н.) псори зытеухуар адыгэхэм я тхыдэр (Кьандурэм зэрыхуэхъуа адыгэхэм я лъэпкъ хабзэхэр зэдзэкIауэ Налшык къыщыдзэкIащ абы и «Кавказ» романыр).

Хамэ къэралхэм дунейм къыщыгетхьами, ахэр адыгэ лъэпкъ литературэхэм щыщ хьэгъуэфIыгъуэщI лъытэн зэрыхуейр - абы щэч къытрихьэркъым «Адыгская литературная диаспора» тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, усакIуэ Бэлагъы Любэ (иджыблагъэ ар къыщыдзэкIащ Дунейпсо литературэм и институтым и тхылъ тедзапIэм). Бэлагъым кууэ зэпкъриикIащ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм я гуащIэм къилэжьа тхыгъэ хьэлэмэтэхэр, ди фIэщ ищIащ ахэр ди лъэпкъхэм я зэхуэдэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэ зэрыщытыр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

P.S. Иджыблагъэ Москва дэт Дунейпсо литературэм и институтым Бэлагъы Любэ Хьэзрэталий и пхъум и доктор диссертациэр щыпхигъэкIащ. Ар техуэущ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм.

Iэмэпсымэщlэхэр къаIэрохьэ

● Лъэпкъ проект

Къэбэрдей-Балъкъэрым и сымаджэщхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI зи тхьэкIумэхэм сэкъат яIэу дунейм къытехьэ сабийхэм е1эзным теухуауэ. Иужьрей къэрщыгъэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуакIэ, сабий мин кьэс дэгъу зы ящIыкIыбы дыдэу зэхэзымыххэм я бжыгъэр 40-м нос.

МЫ ЗЭМАНЫМ дохутырхэм зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIэ апхуэдэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным. «Уэзнышагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, республикэм и перинатальнэ центрым иджыблагъэ къыIэрихьащ зи тхьэкIумэхэм сэкъат иIэ сабий къальхуагъащIэхэм папщIэ Iэмэпсымэщ1э. Абы ирилэжьэну Iущ1ащIэл 18-р щрагъэджащ Урысейм отоларинголог гиемкIэ и центрым. Сабий къальхуагъащIэхэм «аудиологическэ скрининг»-кIэ зэдзэ къэпщытэнымкIэ Iыхьитlу гуэшауэ зрагъэкIуэкI: яIэр - сабийр дунейм кьыщыхьэхьа апэ махуэ 3 - 4-м къыриубыдэнущ. И тхьэкIумэхэм сэкъат гуэр яIэу къыщIэкIи, сабийм щыкIэлъапIэльынущ Налшык дэт республикэ клиническэ сымаджэщым. Дызытехьэ ильэсищIым мыпхуэдэ Iэмэпсымэщ1эхэр иджыри щIипIэ зыбжанэм къаIэрыхьэну мэгугъэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Тхэныгъэщ1э

Iэмэпсымэщ1э зэрыщIэныгъэхэр

АДЫГЕЙ, ***Адыгейм и президент Тхьэкlэщыпхъ Аслъэнджэрий иджыблагъэ Iущ1ащ Краснодар крайм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэм и унафэщI Андреевэ Ольгэ.***

ЗЭIУЩIЭР теухуауэ щытащ дунейпсо экономикэ зэхуэсхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм Адыгейм и инвестицэ проектхэр щыпхыгъэхьIыным, инвестицэ ахъшэ щIыналъэм къешэлIэным теухуа Iэмал-хэмрэ зэкIапIэхэмрэ.

- Ди агентствэм хуэфIэкIыныгъ. Адыгейм и инвестицэ проектхэм пиаркампаниэхэр хуищIыну, ахэр Урысей Федерацэми нэгъуэщI къэралхэми щыпхигъэхьIыну. Псом хуэмыдэу, экологием, мэкъумэшым, курортымрэ туризмэмрэ, щэнхабзэм ехьэлIа проектхэр, - жIащ Андреевэ Ольгэ.

ЗэIущIэм хэтащ Адыгейм экономикэмрэ хозяйствэмкIэ и министр Петров Юрий, республикэм экономикэмкIэ и министрым и къуэдзэ Псэуш Исуф сымэ, нэгъуэщIхэри.

ПIатIокъуэ Аслъэн и къулыкъущIэ

Республикэм щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу щыта ПIатIокъуэ Аслъэн и къулыкъур ихъужащ. Иджы ар Адыгейм и президентым и дэIэпыкъуэгъущ.

ФИГУ щыгъэзэжынщи, ПIатIокъуэ Аслъэн политикэ гъуэгум тезыщар Тхьэкlущыпхъ Аслъэнджэрийщ. Ар, ящэ щыкIэ Адыгейм и ГРК-м, итIанэ «Адыгэ макъ» газетым и тхьэмадэу щытащ, иужькIэ республикэм печатымкIэ и комитетым и унафэщI Iуэхущ1, щIэнкIэ щIыналъэм щIалэгъуалэ Iуэхуэхэмкlэ и комитетым къулыкъум щыпищащ.

Фейдэр нэгъуэщI Iэнатlэхэм трагуашэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2009 гъэм Черкесск къалэ и администрацэм ирагъэкIуэкIа зыужьныкIэ и политикэ хьэгъуэ щIыпIэ зыбжанэм и бюджет мыгъэкIуу сом мелуан 14-м щIигъу хэхъуэу къаритащ.***

ПСАЛЪЭМ папщIэ, 2009 гъэм и еплIанэ мазищым егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэхэм къащэху ерыскъыпхъэхэм сом мелуан 2,5-м ноблагъэ къыдагъэхуауэ щытащ. Псори зэхэту ильэсым сом мелуани 8,8-м ноблагъэ фейдэ кьащIащ.

Черкесск къалэ и муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм 4-нэ мазищым коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ хэхъуэу сом мелуани 2,5-рэ зыIэрагъэхьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ХъыбарыфI

Джэдэнэ Алим Кореем щыгъеIуанэщ

ЩIышылэм и 16 - 17-хэм Кореер Ипщэм и Сувон къалэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ «Мастерс» ящэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтыну зэхуэсат къэрал 33-м икIа дзюдоист нэхъ лъэщхэу 180-рэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту дунейпсо утыкум ихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Джэдэнэ Алим.

Килограмм 66-рэ зи хэлъыгъэхэм я гупым хъарзынэу зэпеуэр щригъэкIуэкIыурэ, ди щIалэр финалым нэсащ. КIэух зэIущIэм ар хуэзащ Монголием и лIыкIуэм икIи зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ имыIэу Джэдэнэ абы къыхигъэщIащ. Арати, ди лъэпкъэгъум къыIыысар дыжьын медалырщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.



«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыслаIкIэ лъапIэхэ!

Гу лъыIэдгъэнэну дыхуейтIу щIышылэм и 25 мелуондэ ди газетым IэущIэдзэну, ар мазаем и 1-м щыщIэддзаэ нэзрыфIэхъуэнущ. МазитIуми газетым и уасэщ сом 297-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хэтыдущ республикэм и ноутэ IэкIэщIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531



ЩIыхьей нэужьым

Гаити и урамхэм щекIуэкI хабзэщIагъэхэм кIэ етыныкIэ ООН-м и кьарухэм лэIэпыкъунущ США-м и зауэлIэхэр.

АбыкIэ арэзы хуащI иужьрей лIэщIыгъуэм и щIыхьей нэхъ шынагъуэ дыдэу тIур зышча къэралым и унафэщIхэр. Къызэратыжьа, цIыху мин 50-м нэс хэкIуэдауэ къагъуэтыжащ, минищIкIэ бжыгъэкIэ уIэгъэ хьэлъэщ, блын зэтекIуэтахэм я щIагъэ иджырэ псэууэ цIыху куэд щэлъщ. Гугъуехьхэмрэ шынагъуэмрэ кьыгъэтэмакькIэщIа кьалэдэсхэм зыбгъэIульхэм къытращIыкIа пкъыгъуэхэр, н.къ.

«Форма» компанием и къудамэу КъБР-м къыщызэIуахам и унафэщI Лыджьидэ Алий журналистхэм къаззэрыжриIамкIэ, гуащIэр щащI Китай Ипщэм сабийхэр зэрыдджэгу зэхэпшIы цIыкIуэхэр щыщIащIагъэкIыу иIэ заводхэм ящыщ зым. Ар къыщIыхахар а Iэхуэщ1апIэм лэжьыгъэр щыщIапIэ ящIыну. Абы щыщ ящIэ щIэнтIэ щIэрыIуэ зэрыщыIэтеухуарщ.

Мы гущIэр дунейм къызэрытехьам мызэ-мытIэ ин иIэщ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, я псэукIэр, зэрахьэ фащэхэр дуней псом щызэпльащIыса хъунымкIэ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

ДунейпсоЩIэныгъэ

Истамбыл къыхах

2010 гъэм Европэпсо щэнхабзэм и къалащхьэу Истамбыл хахащ. Зыгъэнэхуугъу махуэ бдзэкIэ а Iуэхущ1ащIыпIэ гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр къалэм щекIуэкIащ. Абыхэм хэтащ Тыркум и президентымрэ и премьер-министрымрэ. Зэхьыхьэхэм я нэхъыщхьэр щыIэхэтащ Халеджи центрым. А гуфIэгъуэ щIыпIэм кърихьэлIат къэрал 40-м къикIа къэшIу щIыпIэ мин 5-м щIигъу.

Тыркуер Европоюсым иджыри зыхьакъым, ауэ абы и къалащхьэр хахащ европей щэнхабзэм и мэгъэрей къалащхьэу. Дауи, а Iуэхугъуэр и щIыхьэтщ Европэмрэ Тыркумрэ нэхъ зэпэгъунэгъу зэрыхъум.

Истамбыл и архитектурэ щIэиныр, музейхэр, къэгъэщIэрэщIэжьыныр, щIэи ухуэным хуэхэхауэ Европоюзым ахьшэщхуэ Анкара къритынущ.

●1847 гъэм «Кавказ» газетым традзащ Адыл-Джэрий Сультан и «Урыс-шэрджэс е Адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щIыгъуу» тхыгъэр.

●1965 гъэм Майский поселкэр къалэ ящIащ.

●Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъ 33-м, къухьэжнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъ 59-м.

● Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъ 26-рэ.

ПIалъэгъэ зыхьэхьэмрэ ГЪУЩIО Зэрифи.

Лъэпкъ Iущ1ыгъэ:

Дунейм и фIыгъуэр узыншагъэщ, дунейм и тхьэгъуэр лъагъуныгъэщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● ЗэІущІэхэр

Фіагьыр пщалъэкІэ яубзыху

УФ-м и Федеральнэ Іэпэхьуэшапхьуэ кьудыкъум и Управленэу (УФМС) КъБР-м щыІэм къыщапщытэжаш 2009 гъэм я лэжьыгъэм кьрикІуэхэр.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарь Кумыш Мухэрбий, Урысей ФСБ-м и Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэм и кьудамэм и унафэщІ Нэгуэр Марат, КъБР-мкІэ МВД-м жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и милицэм и унафэщІым и кьу эдэ Іхьэгъэзит Хьэтыз, УФМС-м и Іэнатіэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭР Іуэку г ганэкІэ кьыз эІуахащ. Кьэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэмрэ къэралкІуэцІыдзэхэмрэ зауэм хэтэ и ветеранхэм я ассоциацэм и унафэщІ **Рахаев Вадим** «ЛЫгьэмрэ цІыхугъэмрэ папщІэ» медалыр милицэм и полковникх эу УФ-м и Федеральнэ Іэпхьуэшапхьуэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Сокьур Олег,** абы и кьуэдзэ **Бахъуэ Аслъэн,** Іуэхущапіэм кадрхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Кьарэнашэ Аслъэн,** ХФМС-м и Аруан район кьудамэм и унафэщІ **Щоджэн Родион** сымэ, Прохладнэ кьулыкъ УФМС-м и унафэщІ **Устименкэ Михаилрэ** КъБР-м щыІэ УФМС-м и пресс-секретарь **Биттировэ Хьэнифэрэ** я кьалэнхэр тэмэму эзрыраухэкІым, ассоциацэм и жылагъуэ гъащІэм жыджэру эзрыхэзытым папщІэ Щыхъ тхьилъэр яритащ.

2009 гъэм зэфІагьэкІахэм, мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэу пхагъэкІахэм, дызыхьыхэ ильэсым гулыитэ хэха зыхуэщІыпхъэхэм кІэщІу кьытеувІащ **Къэрэшэ Аслъэн** и унафэщІ **Сокьур Олег.**

- КьыззэдэнэкІа ильэсым КъБР-м Іэпхьуэшапхьуэ щытыкІэр зэпІэзэрыту щекІуэкІащ, кьыптэщыта кьалэнхэр зэфІэзгъэхуэр кьэпльыпІэ хуэнуц. Экономикэ гугъэм ІэкІэхэмрэ лэжьапІэншэхэм кьаззэрыхэхьэмрэ тепщІыхьмэ, зэманым кьигъэув Іуэхугъуэхэр егъэфІэкІуэн хуейщ.

ЗэІущІэхэм кьызэІуахащ. КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым нужь льэхъэнэм щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэхэм ресупубликэм и социально-экономикэ, демографие щытыкІэм зэрагъэужь, Іэпхьуэшапхьуэ Іуэхуэхэри зэман благъэм нэхь зэтеува хьуну догугъэ. ГъащІэр ефІакІуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІэр нэхь мащІэ зэррыхьунум шэч хэлькым, - жиІащ Сокьур Олег.

ХФМС-м и кьудамэм и унафэщІ **Жылэхьэж Артур** зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ и лэжьыгъэм кьрикІуэхэм.

Зэрыщыту Урысейми я зэуэдэу, республикэм нэхьыбэу ц1ыкІуэр Къэзахъстаным, Узбекистаным, Кьыргъызстаным, Таджикистаным, Армением, Азербайджаным кьикІхэрэщ. Нэгьабэ ди льэхэм икІащ цІыху 4074-рэ, ар проценти 6-кІэ нэхъ мащІэщ 2008 гъэм ельытауэ. Республикэм нэхъыбэу щыпсэу льэпкъхэм я ящыщу иІэпхьукІахэм я бжыгъэми ящыщу 4-мкІэ уголовнэ Іуэхуэхэр кьаІэтащ.

2009 гъэм «Налшык» кхъухьльатэ тельэтыкЫпІэм тхьилъ нэпцІкэр яІэу хамэ кьэралкІахэу цІыху 17 «Налшык-Аэро» иммигращэ плыкІащ. Ахэм я лэжьакІуэхэм сэтей кьащІащ.

ХФМС-м 2009 гъэм Урысейм и цІыхуу зэрыщытымкІэ паспортхэр щитым, щитхым кІэльыхьуэ щІэпхьаджащІэ 21-рэ кьыщІигъэщащ.

2009 гъэм Іэпхьуэшапхьуэ хабзэр зэрагъэзащІэм теухуа кьэпщытэныгъэхэр щрагъэжьуэкІым, административнэ хабзэр 13070-рэ кьызэрагъэпэуадэм теухуа дэфтэрхэр зэхагъэуващ. Ар ипэ ильэсым ельытауэ процентэ 8,6-кІэ нэхьыбэщ. Административнэ хабзэр кьызэрагъэзащІ. НэгъуэщІ ахэр кьэкІахэм щІэпхьаджагъэу 9 ялэжьащ.

УФ-м и Федеральнэ Іэпхьуэшапхьуэ кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и кьудамэхэм я лэжьыгъэм и фІагьыр рейтинг пщалъэкІэ яубзыху. ИльэсыкІи кьрикІуэхэр кьыщызэщІакъэщхэм, кьагъэльэгъуащ екьулІэныгъэ нэхьыфІ зыІэрызыгъэхьа Іэнатіэхэр. Кьызэрапщытэ ильэныкъуэ псомкІи ипэ итхэщІ Іэпхьуэшапхьуэ з Іуэхущапіэм и Бахьсэн, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж район кьудамэхэр. Апхуэдэуэн кьыхагъэщащ дэтхэнэ зы Іэнатіэри и кьалэнхэм зэрыпэльэщар.

2010 гъэм Іэпхьуэшапхьуэ Іуэхущапіэм кьыпэщыт кьалэнныщІэхэри щыбзыхуащ ильэс лэжьыгъэм щыхэпсэльэжа зэІущІэм.

УЭДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр ХОЛАЕВЭ Марзиет *трихащ.*

ШИНКАРЕВ Николай Андрей и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхуЭм хэщІыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Ильэс 84-нэм иту дунейм ехыжащ КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару щыта, Хэку заэушхуэм и ветеран Шинкарев Николай Андрей и къуэр.

Шинкарев Н.А. 1926 гъэм Прохладнэ къалэм кьыщІалъхуащ. 1943 гъэм щыщІэдзауэ 1956 гъэм нэсыху Совет Армэм сэлэт кьыззрыгуэкІыу, миномет взводым и командиру, батальоным и комсомол организацэм и секретару къулыкъу щищІащ. 1956 гъэм Шинкарев Николай парт лэжьыгъэм хьыхащ - партым и Прохладнэ райомым и инструктору ягъэуващ. Адэкіэ ар Прохладнэ производствэ колхоз-совхоз управленэм и парткомым и инспектору, парт кьызэгъэпэщакІуэ, парт комитетым и секретарым и кьуэдзэу, район газетым и редактору, партым и Прохладнэ къалэ комитетым и япэ секретару лэжьащ.

1971 гъэм Шинкарев Н.А. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым кьызэгъэпэщыныгъэ-парт лэжьыгъэмкІэ и кьудамэм и унафэщІу ягъэуващ, 1973 гъэм и щыІэныгъэ мазэм партым и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару хахащ. А кьулыкъ абы кьыщигъэлъэгъуащ жэрдэм зыхэлъ унафэщІу, кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэлъакіуэу зэрыщытыр. Партым и кьалэ комитетым и унафэщІу Шинкарев Николай щытащ 1987 гъэм пенсэм кІуэху.

Шинкарев Н.А. Налшык къалэ Советым и депутату зыбжанэрэ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату зэ хахащ. 1986 гъэм КПСС-м и XXVII съездым и лЫкІуэу щытащ. Шинкарев Николай Андрей и кьэум куэд зищІыхьащ Налшык къалэм и инфраструктурэмрэ псэупІэ комплексымрэ зэтегъэувэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэр иджырей курорт, промышленнэ къалэ щІыным.

Шинкарев Николай Андрей и кьуэр дэ зэи тщІыгъупщэнкъым.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Меркулов А. В., Жамборэ В. С., Беднев Ю. Ф., Джэш Ф. А., Дзэхъушокьуэ М. И., ДышэкІ М. Р., Жыдэжэ А. А., Зумакулов Б. М., Евтушенкэ Н. Н., Исмэхьил А. И., Кумуков А. С., Чым Е. М., Пархоменкэ Ю. В., Сэбанишэ Р. Къ., Сэхъу В. Къ., Сыжажэ В. Хьу., Тау П. КІ., Льэстэн Г. Ч., Тхьэзэплъыж М. ТІ., Уянаев К. Хь. -М., ФІэщмыхъу Б. Іу., Хьэгъэз З. Хь., Шурдым Ю. Хь., Хьурей Ф. А., Щыхъэлы З. М.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым гущІыхьэ зэрыщІэхуауэ хъыбар фегъащІэ КПРФ-м хэт, КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретару, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІым и кьуэдзэу щыта **Шинкарев Николай Андрей и къуэр** зэрыІламкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэзэмрэ яхуогузавэ.

Мылъку зэзыльэфалІэхэм япэщІоувэ

Республикэм и прокуратурэм и унэм щекІуэкІащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ дзжьакІуэ гупу коррупцэм пэщІэтын щхьэкІэ кьыззрагъэпэщам и зэІущІэ. Абы кьыщащытэжащ хабзэхъуэмэ, кьэщынтакІуэ-кІэльыпльпльакІуэ Іуэхущапіэхэм 2009 гъэм зэфІагьэкІахэр.

ЗЭУЭ кьыхагъэбелджылыкІащ мылъку зэзыльэфалІэхэм яхуэгъэзэ бэнэныгъэр нэхъ ткІий зэрыхъуар. Коррупцэм пэщІэтынымкІэ федеральнэ хабзэкэр кьызэпадуэу сэтей кьащІахэр зыкъомкІэ нэхъыбэщ - 2465-рэ (нэгъабэ - 635-рэ). Прокуратурэм и текьузэныгъэкІэ дисциплинарнэ, административнэ жэуапхэм цІыху нэхъыбэ я ирашэлІащ, уголовнэ Іуэху 37-рэ (2008 гъэм - 13) кьаІэтащ.

Коррупцэм тещІыхьа щІэпхьаджагъэ зэралэжьым тегухуауэ кьаІэрыхьа хъыбар 250-рэ зэхагъэкІащ, абыхэм ящыщу 171-р пэжу кьыщІэкІащ.

УнафэщІ 71-м ирагъэлъэгъуащ я кьулыкъукІэ ялэжьхэр хабзэм зэремызэгъэщ.

Псори зэхэту уголовнэ жэуапым ирашэлІащ кьулыкъущІэхэу 128-рэ, абыхэм ящыщу 26-р кьэралІ Іэнатіэм пэрытащ, 11-р КъБР-м и МВД-м и лэжьакІуэу щытащ.

ЗэІущІэм кьыщыхагъэщхьэхуакІащ коррупцэм е, нэгъуэщІу жыпІэмэ, мылъку зэзыльэфалІэхэм яхуэгъэзэу хабзэхъуэмэ, кьэпщытакІуэ-кІэльыпльпльакІуэ Іуэхущапіэхэм ирагъэкІуэкІ бэнэныгъэр зыхуэдэм иджырей арэзы ныкъуэримыщІыр, абы ехьэлІауэ зэфІагьэкІахэм зэрымащІэр.

Мылъку зэзыльэфалІэхэр иджырэй куэдщ. Апхуэдэ щІэпхьаджагъэм и нэщэнэхэр хьыбольагъуэ бюджет ахъщэр, къэралІ, муниципалитетым мылъкур гуэшыньем ехьэлІауэ кьулыкъущІэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

Кьагъэсэбэп Іэмалхэр апхуэдизу куэдщ икІи зэмылІэужьыгъуэщи, ахэр кьызэпадын папщІэ мы гупыр зэгурыІуэу, зэдэзэпыкъуэу зэдэлэжьэн хуейщ. Кьапщтэмэ, зэлэжьакІуэ гупым зэфІагьэкІахэр щыхъуэ коррупцэм пэщІэтыгъэным, ар и чэзум хъыбархэмкІэ зэкъуэжьным и мыхьэнэр зэрыниыр.

Апхуэдэуи щхьэпэщ прокуратурэм, нэгъуэщІ хабзэхъуэмэ, кьэпщытакІуэ-кІэльыпльпльакІуэ Іэнатіэхэм зэгъуэгу ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, 2009 гъэм и еплІанэ мазищым ирагъэкІуэкІа апхуэдэ кьэпщытэныгъэхэм сэтей кьащІащ унафэр зыІэщІэхъуэр мэкъумэщ Іэнатіэм зэрыщІэлъыр, кьуэжьэм и псэукІэр егъэфІэкІуэным хуаутІыпщ бюджет мылъкур кьызэрагъэсэбэп щыкІэм тэмэму зэракІэлъытымыпльыр.

Апхуэдэ кьэпщытэныгъэхэр дяпэкІи ирагъэкІуэкІынущ, ґащІэм щІэуэ кьинэхъуэвэм тегу.

Кьапщтэмэ, Европэм и Советым коррупцэм папщІэ уголовнэ жэуап зэрагъэхьым теуха и Конвенцэр ратифициэ зэрэщытым, Коррупцэм ящыщІэ гупым (ГРЕКО) зэрыхьыхам УФ-м кьалэн кьыщащІ мылъку зэзыльэфалІэхэм ахуэгъэзэщІэу Урысейм бэнэныгъэ зэрыщагъэкІуэкІ щІыкІэр европей пщалъэхэм тригъэхьэн хуейуэ. ГРЕКО-м и чэнджэщхэр игъэзащІэкІэрэ, УФ-ми Президентым и деж Коррупцэм пэщІэтынымкІэ щыІэ советым и президиумым 2009 гъэм бадзэуэгъэм и 23-м игъэбелджылаг зэремызэгъэщІэлъымкІэ теухуауэ зэгъуэгу зэфІагьэкІыну Іуэхуэхэр зыхуэдэр.

Ар и лъабжьэу зэІущІэм щаубзыхуащ 2010 гъэм и гьатхэпэр кьэсхуэу прокуратурэм, нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэм зэгъуэгу ирагъэкІуэкІыну кьэпщытэныгъэхэр. Ахэр яхуэгъэзащ КъБР-м Транспортымкіэ, связымрэ гъэгуэру ухуэныгъэмкІэ и министерствэм -Автомобиль пэуэгуэхэм я управленэ- ГУ-м, КъБР-м и -Зыуэ щыт заказчикым и дирекцэ- ГКП-м хьэпшыпхэр кьыхуауэ Тыпщыным, лэжьыгъэхэр ирырагъэкІуэкІыным, Іуэхутхьэбзэхэр кьрагъэщІэным теухуа заказхэр щраткІэ, мыхьэнэ щхьэхуэ зиІэ «Егъэджэныгъэ» пхъэпкъ проектыр щагъэзащІэкІэ кьэралІ властымрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ я органхэр коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ щыІэ хабзэм зэрыстыр яхуэпщытэным.

Зи гугъу тщІы Іуэхуэхэм хуэдэхэр нужькІи ирагъэкІуэкІынущ.

КъБР-м и прокуратурэм цІыхухэм захуегъазэ коррупцэм теухуауэ зыщыгъуазэ хъыбархэр (я цІэ-унэцІэ хэр кьрамыІэми хьунущ) 40-45-51 телефонымкІэ кьрагъэщІэну.

МЫРЗЭКЪАН Лиуан.

Жылагъуэр шынагъуэм щыхъумэн

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ генерал-лейтенант Томчак Юрий Тырныауэ къалэм щригъэкІуэкІащ Іуащхьэмахуэ куеймкІэ ОВД-м 2009 гъэм и лэжьыгъэм кьрикІуэхэм щыхэплъэжа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ икІи кьыщыпсэльащ район администрацэм и Іэтащхьэ **Соттаев Къурмэнрэ** куейм и прокурор **Кьанькъуэ Валерэрэ**.

Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ район кьудамэм и унафэщІ милицэм и полковник **Залиханов Кьанщобий** жиІам едэІуа нэужь, министрым гулыитэ хуищІащ куейм хабзэр щагъэзэщІэнымкІэ екъулІэныгъэхэр зэрыщІэн. Ар нэхъри егъэфІэкІуэн зэрыхуейри кьыхигъэщащ.

Томчак Юрий ЖиІащ и Іуэхугъуэхэм зэрыщІэн. Ар нэхъри егъэфІэкІуэн зэрыхуейри кьыхигъэщащ.

Томчак Юрий кьигъэльэгъуащ республикэ унафэщІхэмрэ КъБР-м и Президентымрэ я дэІэпыкъуныгъэкІэ район милицэм и лэжьакІуэхэр зыхуэфащэхэм я Іуэхуэхэр зэрефІэкІуар, я лэжьакІуэхэм я бжыгъэм 40 зэрыхагъэхьуар. Кьудамэм и лэжьыгъэм кьрикІуэхэр зыкъомкІэ абы елъытащ. Иужьрей илъэсхэм иджы зиІу УФ-м и МВД-м и Іуэхущапіэм и унафэщІ **Рахаев Вадим** «ЛЫгьэмрэ цІыхугъэмрэ папщІэ» медалыр милицэм и полковникх эу УФ-м и Федеральнэ Іэпхьуэшапхьуэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Сокьур Олег,** абы и кьуэдзэ **Бахъуэ Аслъэн,** Іуэхущапіэм кадрхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Кьарэнашэ Аслъэн,** ХФМС-м и Аруан район кьудамэм и унафэщІ **Щоджэн Родион** сымэ, Прохладнэ кьулыкъ УФМС-м и унафэщІ **Устименкэ Михаилрэ** КъБР-м щыІэ УФМС-м и пресс-секретарь **Биттировэ Хьэнифэрэ** я кьалэнхэр тэмэму зэрыраухэкІым, ассоциацэм и жылагъуэ гъащІэм жыджэру зэрыхэзытым папщІэ Щыхъ тхьилъэр яритащ.

2009 гъэм зэфІагьэкІахэм, мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэу пхагъэкІахэм, дызыхьыхэ ильэсым гулыитэ хэха зыхуэщІыпхъэхэм кІэщІу кьытеувІащ **Къэрэшэ Аслъэн** и унафэщІ **Сокьур Олег.**

- КьызэдэнэкІа ильэсым КъБР-м Іэпхьуэшапхьуэ щытыкІэр зэпІэзэрыту щекІуэкІащ, кьыптэщыта кьалэнхэр зэфІэзгъэхуэр кьэпльыпІэ хуэнуц. Экономикэ гугъэм ІэкІэхэмрэ лэжьапІэншэхэм кьаззэрыхэхьэмрэ тепщІыхьмэ, зэманым кьигъэув Іуэхугъуэхэр егъэфІэкІуэн хуейщ.

КьызэрыпльытэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нужь льэхъэнэм щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэхэм ресупубликэм и социально-экономикэ, демографие щытыкІэм зэрагъэужь, Іэпхьуэшапхьуэ Іуэхуэхэри зэман благъэм нэхъ зэтеува хьуну догугъэ. ГъащІэр ефІакІуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым икІэр нэхъ мащІэ зэррыхьунум шэч хэлькым, - жиІащ Сокьур Олег.

ХФМС-м и кьудамэм и унафэщІ **Жылэхьэж Артур** зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ и лэжьыгъэм кьрикІуэхэм.

Зэрыщыту Урысейми я зэуэдэу, республикэм нэхьыбэу ц1ыкІуэр Къэзахъстаным, Узбекистаным, Кьыргъызстаным, Таджикистаным, Армением, Азербайджаным кьикІхэрэщ. Нэгьабэ ди льэхэм икІащ цІыху 4074-рэ, ар проценти 6-кІэ нэхъ мащІэщ 2008 гъэм ельытауэ. Республикэм нэхъыбэу щыпсэу льэпкъхэм я ящыщу иІэпхьукІахэм я бжыгъэми ящыщу 4-мкІэ уголовнэ Іуэхуэхэр кьаІэтащ.

2009 гъэм «Налшык» кхъухьльатэ тельэтыкЫпІэм тхьилъ нэпцІкэр яІэу хамэ кьэралкІахэу цІыху 17 «Налшык-Аэро» иммигращэ плыкІащ. Ахэм я лэжьакІуэхэм сэтей кьащІащ.

ХФМС-м 2009 гъэм Урысейм и цІыхуу зэрыщытымкІэ паспортхэр щитым, щитхым кІэльыхьуэ щІэпхьаджащІэ 21-рэ кьыщІигъэщащ.

2009 гъэм Іэпхьуэшапхьуэ хабзэр зэрагъэзащІэм теухуа кьэпщытэныгъэхэр щрагъэжьуэкІым, административнэ хабзэр 13070-рэ кьызэрагъэпэуадэм теухуа дэфтэрхэр зэхагъэуващ. Ар ипэ ильэсым ельытауэ процентэ 8,6-кІэ нэхъыбэщ. Административнэ хабзэр кьызэрагъэзащІ.

ЗэІущІэхэм кьыщІалъхуащ. Псори зэхэту сом мин 12545,7-рэ ирагъэпшынащ.

Ильэс кІуам КъБР-м щІэпхьаджагъэ 8839-рэ щащІэжьати, абыхэм ящыщу 7-р хамэ я кьэралІ цІыхухэм ягъэзащІ. НэгъуэщІ кьэралІ кьикІахэм щІэпхьаджагъэу 9 ялэжьащ.

УФ-м и Федеральнэ Іэпхьуэшапхьуэ кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и кьудамэхэм я лэжьыгъэм и фІагьыр рейтинг пщалъэкІэ яубзыху. ИльэсыкІи кьрикІуэхэр кьыщызэщІакъэщхэм, кьагъэльэгъуащ екьулІэныгъэ нэхъыфІ зыІэрызыгъэхьа Іэнатіэхэр. Кьызэрапщытэ ильэныкъуэ псомкІи ипэ итхэщІ Іэпхьуэшапхьуэ з Іуэхущапіэм и Бахьсэн, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж район кьудамэхэр. Апхуэдэуэн кьыхагъэщащ дэтхэнэ зы Іэнатіэри и кьалэнхэм зэрыпэльэщар.

2010 гъэм Іэпхьуэшапхьуэ Іуэхущапіэм кьыпэщыт кьалэнныщІэхэри щыбзыхуащ ильэс лэжьыгъэм щыхэпсэльэжа зэІущІэм.

УЭДОКЪУЭ Женя.

2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щІа зэрыльэпуэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м *№310-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щІыным и Іуэхукіэ»» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-уэ 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м кьыдэкІам ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щІыныкІэ кьыхалъхьэ Іуэхуэхэр кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІы кьуеинГъэхэмрэ зехьэныкІэ министерствэм (Сэхъу М.И.) и пщэ дэлъхьэн 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щІыным теухуауэ яубзыхуа Іуэхуэхэр пхыгъэкІыныр ягъэува хабзэм тету кьызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ельэІун мы зи гугъу тщІынухэр ящэныкІэ арэзы хъуну:

«Эльбрустурист» акционер обществэ зэІухам и акцэхэр;

Жэуап пыухыкІа зыхь «Налшык», «Фарма Интернейшинал Компани Россия-СНГ» обществэхэм я устав мылъкухэм ящыщ Іыхьэхэр;

2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур уней щІыныкІэ яубзыхуа Іуэхуэхэм и II Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа Іуэхущапіэ унэхэр (складхэр), Налшык къалэм и Эльбрусская, 25 уэрамым тетыр.

4. Мы Іуэхум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щыщыхэплъэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и лЫкІуэу гъэкІуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылькумрэ щІы кьуеинГъэхэмрэ зехьэныкІэ и министр Сэхъу М.И.

5. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлыпІыныу и пщэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал мылькумрэ щІы кьуеинГъэхэмрэ зехьэныкІэ и министр Сэхъу М.И.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МЕРКУЛОВ Александр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м *№721-рп*

«ЦІыхур фІэкІыпІэ имыІэу зыхуей икІи нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ хущхьэу лІэужьыгъуэхэм я уасэхэр кьэралым зэрызэблигъэкІыр егъэфІэкІуэным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм щыщхьэІум и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №654-м ипкъ иткІэ:

1. Ведомствэхэм я зэдай комиссэ кьызэгъэпэщын икІи абы хэтхэр кьэщтэн мы Унафэм и гуэдэнэм эзритым хуэдэу.

2. Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм щыщхьэІум и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №254-р гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм я зэдай комиссэм хуэгъэувын ищхьэкІэ кьыщыщІэлъэгъуа унафэр гъэзэщІэнымкІэ дзжьыпхьэхэр зы тхьэмахуэм кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иритыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлыпльыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и куэдзэ ДышэкІ М. Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МЕРКУЛОВ Александр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдигъэкІа Унафэ №721-рп-мкІэ кьыщтащ

Урысей Федерацэм и Правительствэм 2009 гъэм щыщхьэІум и 8-м кьыдигъэкІа Унафэ №654-р гъэзэщІэнымкІэ ведомствэхэм я зэдай комиссэм

хэтхэр

ДышэкІ М. Р.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэр *(ведомствэхэм я зэдай комиссэм и секретарщ)*

Уэлджыр Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТарифхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр *(ведомствэхэм я зэдай комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэм)*

Бицу В.Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хьумэныкІэ и министрыр

Инжыкокъуэ С. М. - Узынщагъэр хьумэныкІэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэльыпльныныгъэ щегъэкІуэкІныныкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэ- уэ)*

Литвинов Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ТарифхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэр *(ведомствэхэм я зэдай комиссэм и секретарщ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Пщынэр К. Хь. - Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым *(зэгурыІуэ)*

Табыхъу А. О. - Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм экономикэ щІэпхьаджагъэхэм ебэныныкІэ и Управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

Ткаченкэ А. А. - Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

ИльэсыщІэ спектакль Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэльагъуэ. Хьуэхьу жьыІэр КъБАССР-м и цІыхубэ артист Тубай Мухьэмэдщ. *1960 гъэ*

Жылэтеж Сэлэдин и гъащІэм къыпызыщэ

70



